## КОРРУПЦИЯ ЖЫНАЯТЫ - РАЎАЖЛАНЫЎ ТОСЫҒЫ

**Аметов Қуатбай Узақбаевич**
Шымбай районлық Айрықша жағдайлар
бөлими баслығы майор

https://doi.org/10.5281/zenodo.11478052

***Анотация.*** *Бул мақалада коррупцияның алдын алыў ҳәм оған тийисли нызамлар, әмелге асырылған ис-илажлар ҳаққында сөз етилген.*

***Гилт сөзлер:*** *Коррупцияға, инвестиция, ҳуқықый ҳүжжетлер, экономикалық, сиясий, ҳуқықый, социал.*

## CORRUPTION CRIME IS AN OBSTACLE TO DEVELOPMENT

***Abstract.*** *In this article, the laws related to the prevention of corruption and the implemented options are discussed.*

***Keywords:*** *Corruption, investment, legal documents, economic, political, legal, social.*

## КОРРУПЦИОННАЯ ПРЕСТУПНОСТЬ – ПРЕПЯТСТВИЕ НА ПУТИ РАЗВИТИЯ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются законы, связанные с предотвращением коррупции, и реализуемые варианты.*

***Ключевые слова:*** *Коррупция, инвестиции, правовые документы, экономическая, политическая, правовая, социальная.*

---

Бүгинги күнде коррупцияның алдын алыў ҳәм оған қарсы гүресиў дүньяда актуал мәселелерден бири болып қалмақта. Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев айтып өткениндей, «коррупцияның алдын алмасақ, ҳақыйқый исбилерменлик ҳәм инвестиция орталығын жаратып болмайды, улыўма, жәмийеттиң бирде-бир тармағы раўажланбайды».

Айырым халықаралық-ҳуқықый ҳүжжетлерде коррупция түсинигине қарата қысқаша тәрийп берилген болып, усы тәрийплер коррупция түсинигиниң ең тийкарғы бөлимлерин ашып береди. Атап айтқанда, Transparency International шөлкеми усы түсиникти “өзине исенип тапсырылған ўәкилликлерди жеке мәплери ушын кери мақсетте пайдаланыў” сыпатында тәрийплейди.

Батыс мәмлекетлеринде коррупция түсинигине қарата анықлама бериўде түрлише (экономикалық, сиясий, ҳуқықый, социал) жантасыўларды ушратыўымыз мүмкин. Карен Катздиң пикрине қарағанда, “коррупция дегенде өз ўәкилликлерин материаллық ямаса

материаллық емес пайда көринисиндеги  жеке байлық арттырыў мақсетинде пайдаланыў түсиниледи”.

Усы тарийп сөз етилип атырған түсиниктиң барлық елементлерин қамтып алмаған болса-да, оның ең тийкарғы тәреплерин өзинде сәўлелендирген.

Стенфорд хуқық мектеби илимпазлары Д. Мистрее хәм А. Диблейлар усы түсиникке қарата “шахстың өзи ағзасы болған шөлкемге қарата жәмийетшиликтиң исенимин төменлеткен ҳалда, пайда алыўды гөзлеўи нәтийжесинде исленетуғын ўақыя - ҳәдийсе” ретинде тәрийп берген.

Миллий нызамшылығымызда “коррупциялық жынаятлар” түсинигиниң мазмуны басқа атамалар, атап айтқанда, “коррупция” ҳәм “коррупцияға тийисли ҳуқықбузарлық” түсиниклерине рәсмий тусиндирме бериў арқалы ашып берилген.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев тәрепинен 2017-жыл январ айының 3-сәнесиндеги «Коррупцияға қарсы гүресиў ҳаққында»ғы нызамға қол қойылыўы мәмлекетимизде елимизди иштен жемириўши бундай иллетке қарсы гүресиўдиң жаңа бағдарламаларын ҳәм гүресиў режелерин белгилеп берди.

Әмелге асырылған реформалар коррупциялық  жынаятлардың исleniў динамикасына арнаўлы бир дәрежеде тәсир етти. Атап айтқанда, 2018 жылда түрли тайпадағы 3013 лаўазымлы шахсларға қарата жәми 2076,  2019 жылда 2066 шахсқа қарата 1469 жынаят иси  қозғатылған болса, 2020 жылда бул көрсеткиш 1520 шахсқа қарата 994 ти қурады.

Соның менен бирге, усы дәўирде Өзбекстан Республикасының халық аралық рейтинглердеги орны арнаўлы бир дәрежеде жақсыланды. Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы “Transparency International” коррупцияға қарсы шөлкеминиң Коррупцияны қабыллаў индекси (Corruption Perception Index) де 2016 жылда 21 балл менен 176 мәмлекет ишинде 151-орынды ийелеген болса, 2019 жыл нәтийжелерине көре, 26 балл менен 180 мәмлекет ишинде 146-орынға ылайық көрилди.

Жоқарыдағылардан жуўмақ етип айтыўымыз мүмкин, коррупциялық жынаятлар - бул лаўазымлы шахс ямаса хизметкердиң өзине исенип тапсырылған ўәкилликлер ямаса әмелинен жеке ямаса басқа шахслардың материаллық ҳәм материаллық емес пайда көриўи ушын ғәрезли мақсетлерде пайдаланыўдан, соның менен бирге оларды бул мақсетлерде өзине  аўдарыўдан ибарат болған жынаятлар болып табылады.

Бул келтирилген тәрийплерден келип шыққан ҳалда, пикиримизше, коррупциялық жынаятлар ретинде Өзбекстан Республикасы Жынаят кодекси 167-статясы 2-бөлими “г”

банди, 168-статьясы 2-бөлими “в” банди, 192[9], 192[10], 210 -214-статьялары, соның менен бирге, жеке мәплерди ямаса басқа шахслардың мәплерин гөзлеп дәмегөйлик нийетинде әмелге асырылған Жынаят кодексиниң 182-статясы 2-бөлеги “г” банди, 192[11], 205-206, 209 ҳәм 301-статьялары ҳәм де жоқарыда көрсетилген жынаятлардан алынған дәраматлар менен байланыслы ҳалда әмелге асырылған Жынаят кодексиниң 243-статясын нәзерде тутыў керек.

Миллий жынаят нызамшылығымызда коррупциялық жынаятлар ушын жуўапкершилик нәзерде тутылған статьялар Жынаят кодексиниң бирден-бир бапқа жәмленбеген.

Бул жынаятлардың алдын алыў антикоррупцион режелерди раўажландырыў, коррупция түсинигиниң анық шегараларын белгилеп алыў ҳәм нызамшылыққа енгизиў, Миллий нызамларымыздың БМШ ниң Коррупцияға қарсы Конвенциясы талапларына сәйкеслендириў, Мәмлекетлик хызмет системасының әшкаралығын күшейтиў ҳәм әлбетте пуқаралардың ҳуқықый сана ҳәм мәдениятын асырыў менен байланыслы.



Улыўма айтқанда, коррупция ҳәр қандай мәмлекеттиң раўажына үлкен зыян келтиреди. Пуқаралардың социаллық әдиллик, ҳақыйхатлық ҳәм мәмлекет органларына болған исенимин жоққа шығарады. Сол ушында ҳурметли Президентимиз бул иллетке қарсы гүресиў бойынша кескин шаралар көриў бойынша бир қатар ислерди амелге асырды. Себеби бүгинниң өзинде коррупцияға қарсы шаралар ислеп шығылмаса, ол демократиялық мәмлекеттиң сиясий ҳәм социаллық институтларына кери (унамсыз) тәсир көрсетеди, мәмлекет улыўма жәмийет қәўипсизлигине қәўип салады. Әсиресе, жас әўладта өмирде жақсы турмыс шәраятына ерисиў нызамсыз искерлик пенен байланыслы деген көз-қарас қәлиплесиўи мүмкин. Сол себепли бул иллетке өз ўақтында ҳәм нәтийжели гүрес алып барыў ҳәр бир пуқараның ўазыйпасы есапланады. Сөзимнин жуўмағын корупция жынаятшылығы аз болған Сингапур мәмлекетиниң алдынғы Бас

Минстри Ли Куан Юдың айтқан гәпи менен жуўмақламақшыман: «Коруупцияны жеңиўди қәлесеңиз ең әўеле өз досларыңыз ҳәм шаңарақ ағзаларыңызды турме артында көриўге үйрениўиңиз керек».

**REFERENCES**

1. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. – Т.: “Ўзбекистон”, 2016. - 47 б.
2. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, катъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. Мамлакатимизни 2016 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг асосий якунлари ва 2017 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг кенгайтирилган мажлисидаги маърузa, 2017 йил 14 январь. –Т.: “Ўзбекистон”, 2017. – Б 51.
3. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. - 486 б.
4. Коррупцияга қарши курашиш агентлиги фаолияти тўғрисидаги ҳисоботлар // https://anticorruption.uz
5. Агентство Республики Казахстан по делам государственной службы и противодействию коррупции [Электронный ресурс]. – Режим доступа: http://339
6. Коррупцияга қарши курашиш агентлигида ташкил этилган “Давлат хизматида ҳалолликни таъминлаш: Буюк Британия тажрибаси” мавзуидаги семинар ахборотидан, 2021 йил 16 март.
7. Коррупцияга қарши курашиш бўйича миллий стратегия лойиҳаси. https:// anticorruption.uz.